



Pou Piblikasyon Imedya: 27/12/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO LANSE YON KANPAY POU METE MOUN NEW YORK AN GAD KONT SÈVIS REFERANS MALONÈT NAN ZAFÈ TRETMAN POU AKOUTIMANS

### *Kanpay nan Ankouraje Moun Rapòte Koutye Pasyan ki Pran Avantaj Moun k ap Chèche Tretman pou Akoutmans ak Dwòg*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo kanpay konsyantizasyon piblik pou mete fren nan zafè “koutye pasyan”, yon pratik kote koutye yo pran lajan nan men pwofesyonèl ki bay tretman pou akoutimans, e an echanj koutye yo refere pasyan pou al nan pwogram sa yo. Kanpay la mete moun New York an gad kont pratik malonèt sa a e ankouraje moun rapòte koutye sa yo.

“Moun New York ki vilnerab, e k ap goumen avèk akoutimans, vin tounen sib; yo bay yo manti, pwomèt yo sèvis ak tretman ki swadizan kapab sove lavi yo, epi an reyaltite tretman yo pa mache e koute tèt nèg”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk kanpay sa a, nou montre sa klè: Nou p ap tolere pratik sa a nan New York e n ap ede asire moun resevwa asistans ki apwopriye lè yo bezwen repran kontwòl lavi yo.”

Kanpay sa a se yon kolaborasyon ant Biwo pou Sèvis Abi Alkòl ak Sibstans lan (Office of Alcohol and Substance Abuse Services, OASAS) ak Asosyasyon Founisè pou Abi Dwòg ak Alkòl nan New York (New York Association of Alcoholism and Substance Abuse Providers) e li bay postè ki ankouraje moun pou yo rapòte aktivite koutye pasyan bay OASAS. Afich yo disponib pou telechaje [isit la](#) epi yo pral voye yo tou pa lapòs bay founisè tretman nan tout eta a.

Kanpay konsyantizasyon sa a se youn nan plizyè inisyativ pou mete fen a koutye pasyan. Resaman OASAS te pibliye yon [rekòmandasyon](#) ki egzije pou se pwofesyonèl sètifye e ke OASAS rekonèt, ki gen entèdiksyon resevwa komisyon pou referans, ki ofri sèvis sa yo. Moun New York ka rapòte aktivite sispèk lè yo rele 1-800-553-5790 oswa lè yo voye yon imèl bay [StopTreatmentFraud@oasas.ny.gov](mailto:StopTreatmentFraud@oasas.ny.gov).

**Komisyonè OASAS, Arlene González-Sánchez, te di,** “Pran desizyon pou chache tretman se yon premye etap enpòtan pou anpil moun ki fè akoutimans avèk dwòg, ansanm ak fanmi yo. Bravou yo merite rekonpans sou fòm sèvis ki ka pi byen ede yo pran wout gerizon”.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn trètman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè yo, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize Panèl Disponibilite Trètman NYS OASAS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](https://www.nys.oasas.gov). Vizite [CombatAddiction.ny.gov](https://www.combataddiction.ny.gov) pou aprann plis sou siy avètisman adiksyon, revize enfòmasyon sou fason pou jwenn èd, epi jwenn aksè ak resous sou fason pou fasilite konvèsasyon ak pwòch yo ak kominote yo konsènan adiksyon. Pou w jwenn zouti pou itilize pou ka pale avèk yon jèn moun sou prevansyon itilizasyon alkòl oswa itilizasyon dwòg, [vizite sitwèb Talk2Prevent](https://www.talk2prevent.org) Eta.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418